Pou Piblikasyon Imedya: 04/06/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 161 MILYON DOLA DISPONIB POU ATIS, ÒGANIZASYON ATISTIK AK KILTIRÈL ETA NOUYÒK YO

Direktiv pou premye faz sibvansyon 81 milyon dola Konsèy pou Zèv Atistik ane fiskal 2027 la kounye adisponib isit la

Opòtinite adisyonèl pou finansman kapital NYSCA ki evalye a 80 milyon dola pral lanse nan otòn lan

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 161 milyon dola nan sibvansyon pou atis ak òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif nan Eta Nouyòk pou ane fiskal 2027 la, epi aplikasyon yo disponib kounye a pou premye faz finansman an, ki totalize 81 milyon dola. Dezyèm faz aplikasyon pou finansman Pwojè Kapital la, ki totalize 80 milyon dola, pral louvri nan otòn 2026. Opòtinite sa yo reflete angajman san fay Eta Nouyòk anvè sektè atistik ak kiltirèl san parèy li a epi se Konsèy Zèv Atistik Eta Nouyòk (New York State Council on the Arts, NYSCA) la ki administre yo.

"Atizay ak kilti se eleman kle nan enfliyans mondyal Nouyòk la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan ankouraje touris rive nan bati katye solid ak angaje jèn elèv yo, yo santi enpak sektè kiltirèl san parèy nou nan tout eta a. Opòtinite finansman sa yo ap asire ke atis nou yo ak òganizasyon kiltirèl nou yo ap kontinye ranfòse kominote yo epi enspire mond lan."

Nan opòtinite sibvansyon sa yo, gen ladan yo yon sipò operasyon jeneral ki esansyèl pou òganizasyon yo, ki bay finansman pou aktivite chak jou pou plis pase mil òganizasyon atravè tout eta a, epi ki bay sipò tou pou atis, espas repètisyon ki abòdab, aprantisaj nan atizay tradisyonèl, ak rezidans nan atizay pèfòmans. Gid pou aplikasyon sibvansyon yo disponib nan arts.ny.gov/OpportunityGuidelines.

Webinè opòtinite ki anrejistre davans yo ap disponib pou gade sou sitwèb NYSCA a vandredi 5 jen 2026. Orè biwo vityèl la ap rete pandan tout mwa jen an. Enskripsyon pou webinè yo ansanm ak yon orè ajou pral disponib isit la.

Direktiv pou opòtinite sa yo disponib pou telechaje sou sitwèb NYSCA:

Sipò pou òganizsyon yo: Ofri finansman fonksyònman ak pwogram ki fleksib pou òganizasyon atistik ak kiltirèl kalifye. Prim yo varye ant 10,000 a 49,500 dola.

Sipò pou atis yo: Finanse komisyon kreyatif pou atis endividyèl yoatravè eta a. Zòn komisyon an gen ladan koyegrafi, konpozitè, fim, medya, ak nouvo teknoloji, atizay popilè ak tradisyonèl, entèdisiplinè, literati, komisyon teyat, ak atizay vizyèl. Montan prim lan se 10,000 dola.

Sipò pou opòtinite sible yo:

- **Espas repetisyon ak estidyo pou atizay espektak:** Finansman sa a gen entansyon sipòte tan repetisyon kreyatif ak òganizasyon ki bay espas solid ak abòdab pou gwoup atizay ak atis ki san bi likratif yo. Prim yo varye ant 15,000 a 35,000 dola.
- **Aprantisaj atizay popilè ak tradisyonèl:** Finansman sa a bay moun ki gen eksperyans nan atizay popilè yo opòtinite pou yo etidye ak mèt atis popilè ki soti nan pwòp kominote yo. Montan prim lan se 10,000 dola.
- **Rezidans pou atizay espektak:** Opòtinite sa a sipòte yon rezidans minimòm twa semèn konsekitif pa gwoup atizay espektak ki baze nan Nouyòk nan yon zòn vize nan Eta Nouyòk andeyò konte aplikan an soti ak andeyò Vil Nouyòk. Prim yo varye ant 15,000 a 35,000 dola.

Sipò pou nouvo sibvansyon ak sèvis: Sipòte finansman nan sit Kominote Nouvo Sibvansyon Eta (State Community Regrant) – yon rezo òganizasyon atistik ak kiltirèl rejyonal ki sitiye nan tout eta a — ki pwofite ekspètiz lokal yo pou pwolonje enpak sibvansyon NYSCA a bay atis ak òganizasyon san bi likratif yo ansanm ak finansman bay òganizasyon yo pou sèvis sou teren. Opòtinite sa a se sèlman sou envitasyon.

Dat limit pou aplike se jedi 8 jiyè 2026, a 5 p.m. Tout aplikan yo dwe konplete pwosesis prekalifikasyon atravè Sistèm Finansye Eta (Statewide Financial System, SFS) a anvan yo aplike sou pòtay aplikasyon NYSCA a pou yon sibvansyon. NYSCA ankouraje aplikan yo pou yo kòmanse pwosesis prekalifikasyon nan SFS la pi vit posib.

Yo pral anonse opòtinite pou Sibvansyon Pwojè Kapital yo nan sezon otòn la.

Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta Nouyòk la, Erika Mallin, te deklare, "Okazyon sibvansyon sa yo asire atis ak òganizasyon nou yo gen pouvwa pou inove epi enspire pwochen jenerasyon an. Pou tout moun k ap travay nan sektè kreyatif nou an: nou ankouraje w pou w aplike epi kontinye kontribisyon vital ou yo nan gran eta nou an."

PrezidanKonsèy Atizay Eta Nouyòk la, Patrick Willingham, te deklare, "Atis nou yo ak òganizasyon san bi likratif yo pa sèlman kontribye nan lavi kiltirèl nou an - yo fè nou tounen kapital mondyal kreyativite a. Jodi a, n ap sipòte reyalizasyon sa a avèk 161

milyon dola nan opòtinite atistik, pou kontinye envestisman Eta Nouyòk nan ekonomi kreyatif nou an."

Senatè Eta a, José M. Serrano, te deklare, "Sektè atistik ak kiltirèl nou an se yon poto mitan nan lavi kominotè a — li anrichi katye nou yo, li ranfòse ekonomi nou an epi li sipòte byennèt tout moun ki rete, ki vizite epi ki travay isit la. Lè nou envesti nan atis talan nou yo ak òganizasyon kiltirèl devwe nou yo ki fè Eta Nouyòk ekstrawòdinè, nou asire plas nou kòm kapital kreyativite pou jenerasyon k ap vini yo."

Manm Asanble Ron Kim te deklare, "Okazyon sa yo sipòte atis ki travay di ak òganizasyon kiltirèl ki pote benefis enkwayab pou kominote nou yo toupatou nan eta a. Mwen fyè dèske Eta Nouyòk angaje l pou l sipòte sektè atistik ak kiltirèl pwisan li a avèk opòtinite sibvansyon sa yo epi mwen ankouraje kominote kreyatif nou an pou l aplike."

Enfòmasyon sou Konsèy Eta Nouyòk pou Zèv Atistik la
Misyon Konsèy Atistik Eta Nouyòk la se pou ankouraje ak fè avanse ansanm atizay kilti, ak kreyativite Eta Nouyòk pou tout moun. Pou ane fiskal 2027 la, Konsèy Atistik la pral akòde 161 milyon dola ki ap sèvi òganizasyon ak atis nan tout 10 rejyon eta yo. Konsèy Atistik la fè kilti kreatif Nouyòk la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon. Kreye pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta Nouyòk lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite www.arts.ny.gov, epi swiv paj Facebook NYSCA, sou X, anvan li te rele Twitter, @NYSCArts ak Instagram @NYSCouncilontheArts.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU